



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ADOPSYON PWOJÈ LWA POU RETIRE ZAM NAN MEN MOUN KI KONN KOMÈT ABI DOMESTIK YO

Li Ap Asire Ke Yo Entèdi Moun Ki Konn Komèt Abi Domestik yo Posede Alafwa Ti Zam ak Zam Ki Long yo

Entèdi Nenpòt Moun Ki Gen yon Manda Ki An Vigè pou yon Enfraksyon oswa lòt Kontravansyon Grav yo Resevwa oswa Renouvle Lisans pou Zam yo

Li Ranfòse Lwa sou Zam New York lan Ki Ap Mennen nan Nasyon an

Li Fè Pati Kalandriye Fanm 2018 Gouvènè Cuomo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a adopsyon pwojè lwa pou retire zam yo nan men moun ki te komèt abi domestik yo. Pwojè lwa a ap fèmen yon echapatwa ki genyen nan lwa eta a nan objektif pou kapab asire ke moun ki te komèt abi domestik yo remèt tout zam yo, pa sèlman ti zam yo. Politik sa fè pati Kalandriye Fanm 2018 Gouvènè an.

“Vag fiziyad masif resan yo òrib, epi echèk gouvènman federal lan pou pran nenpòt modèl mezi pou lwa sou sekirite sou zam ki enpòtan yo li derezonab”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “New York ap yon lòt fwa ankò pran devan pou anpeche vyolans ak zam yo, epi ak refòm sans komen sa, kase lyen ensepapab sa ki genyen ant vyolans ak zam ak vyolans domestik. Pwojè lwa sa ap ajoute sou lwa sou zam nou yo -- ki deja lwa ki pi solid nan nasyon an -- pou fè New York vin pi sekirize epi pi djanm.”

Anvan sa, lwa New York yo te entèdi pou moun ki te kondane pou yon enfraksyon oswa pou yon kantite enfraksyon “grav” deli minè ki limite pou yo posede zam. Sepandan, sa pa’t enkli ladan enfraksyon deli minè yo ke pèsòn moun pa’t ka refize ke yo te grav an reyalyte. Pou kapab asire ke okenn moun ki te komèt abi domestik yo pa konsève kapasite pou yo posede yon zam malgre ke yo te kondane yo poutèt yon krim ki akablan, pwojè lwa a ap byen bay bourad a lis krim “grav” yo, ki, lè yo gen kondanasyon, egzije moun nan pèdi lisans li pou li genyen zam epi remèt tout zam li genyen yo.

Pwojè lwa sa pral asire tou ke moun ke y’ap chèche akòz yon enfraksyon oswa lòt kontravansyon ki grav yo pa kapab jwenn oswa renouvle lisans pou zam yo. Anvan sa,

malgre ke yon moun sijè a yon manda pou arestasyon, moun sa te ka toujou legalman jwenn yon lisans pou zam, tout sa pandan ke lapolis ap chèche moun sa. Chanjman sa pral asire ke polilasyon jeneral lan menm jan ak fòs lapolis ki ap chèche aktivman pou arete yon moun ke y'ap chèche pa vin an danje yon fason ki pa nesèsè akòz moun sa ki ap jwenn nouvo zam.

Sou Gouvènè Cuomo, New York te pwomilge lwa sou kontwòl zam ki pi solid nan nasyon an. Sepandan, New York pa't gen ase lwa ki an plas pou asire ke yo retire tout tip zam yo nan men moun ki te enplike nan vyolans domestik yo—ki se yon pwoblèm ki etwatman lye ak vyolans ak zam ak lanmò akòz vyolans ak zam yo. Nan nèf pami 10 masak an mas ki touye plis moun nan istwa Etazini yo, ki gen ladan masak ki te fèt Las Vegas ak Sutherland Springs yo, moun ki t ap tire a gen dosye yo te komèt vyolans kont fanm, fè menas vyolans kont fanm, oswa asèlman, oswa denigre fanm yo. Anplis de sa a, lè nou pèmèt patnè vyolan yo gen aksè a zam a fe yo, risk pou yo touye lòt patnè ogmante senk fwa plis. An 2016, yo te itilize zam a fe nan 35 omisid domestik nan New York.

Pwojè lwa sa ap ajoute sou dokiman lwa ke Manm Asanble a Amy Paulin, Senatè Diane Savino ak lòt manm nan Kò Lejislatif lan yo te pwopoze anvan sa.

Mwa pase an, Gouvènè Cuomo [te dirije](#) kreyasyon kowalisyon “Eta pou sekirite pou Zam yo” (States for Gun Safety) pou konbat epidemi vyolans ak zam yo. Ansanm ak New Jersey, Connecticut, ak Rhode Island, Eta New York te rantre nan yon akò pou mennen ankèt epi entèsepte zam ki ilegal yo, pataje enfòmasyon yo pi byen sou moun ki gen entèdiksyon pou yo achte oswa posede zam yo, epi kreye premye konsòsyòm rechèch sou vyolans ak zam rejyonal nan nasyon an. Fas a pasivite federal pèmanan an, Massachusetts, Delaware, ak Pòto Riko te deja [rejwenn](#) kowalisyon an ki kounye a reprezante plis pase 35 milyon Ameriken.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)